

I. Avi sou Pratik Konfidansyalite Vi Prive.

Dat Efektif: 26 mas 2013 Dat Revizyon: 10 janvye 2017

AVI SILA A DEKRI KIJAN YO KA ITILIZE EPI DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNE OU, EPI KIJAN OU KAPAB GENYEN AKSÈ A ENFÒMASYON SA A. TANPRI REVWA LI AK ATANSYON. **Li aplikab pou:** Famasi, Famasi Espesyalize, Odonans Santralize, Sant Vizyon/Optik, Klinik, ak sèvis Jesyon Famakoterapi pou tout magazen Walmart ak Sam's Club.

Nou konnen ke enfòmasyon medikal ou prive. Nou angaje n pou nou pwoteje enfòmasyon medikal ou. Wal-Mart Stores, Inc. ("Walmart ak Sam's Club") avèk konpayi ki afilye ak li yo oblije selon lawla kenbe enfòmasyon pwoteje sou sante w ("PHI") pou, pou respektè tèm Avi sila a, epi pou ba w Avi sila a sou responsabilite legal ak pratik konfidansyalite vi prive nou yo ki gen rapò ak enfòmasyon sou sante w. Se pou nou respektè tèm Avi aktyèl la. Dat Efektif: 26 mas 2013 Dat Revizyon: 10 janvye 2017

Kijan Walmart ak Sam's Club Kapab Itilize Oubyen Divilge Enfòmasyon Pwoteje sou Sante w

1. Pou Tretman. Nou ka itilize PHI w la pou nou dispans preskripsyon, founi tretman/sèvis medikal, epi/oswa founi sèvis jesyon famakoterapi pou ou. Nou ka divilge PHI ou bay doktè k ap trete w, pwofesyonèl swen, famasi, pwofesyonèl swen ofmalim, ak lòt moun ki enplike nan tretman pou swen sante ou. **2. Pou Peman.** Nou kapab itilize epi divilge PHI w la pou nou kapab prepare bòdwo epi kolekte peman nan men w, nan men konpayi asirans ou, oswa nan men yon tyès pati. Sa ka gen ladann fè verifikasyon elijibilite pou asirans ak Medicaid leta, Medicare, oubyen lòt plan sante, detèminasyon kondisyon enskripsyon, epi founi enfòmasyon bay antite ki ede nou soumèt bòdwo epi kolekte montan yo dwe nou. **3. Pou Operasyon ki Anrapò avèk Swen Sante.** Nou kapab itilize epi divilge PHI w pou operasyon ki anrapò avèk swen sante, ki gen ladnan yo aktivite ki nesese pou founi sèvis swen sante epi pou asire ke w resevwa bon kalite sèvis kliyan. **4. Pou Rapèl pou Ranpli Preskripsyon e pou Pwodui ak Sèvis ki Gen Rapò ak Sante.** Nou kapab itilize oubyen divilge PHI w la pou: (1) raple w pou ranpli preskripsyon w; (2) avize w sou yon preskripsyon ki ekspire; (3) ba w enfòmasyon sou pwodui oubyen sèvis ki gen rapò ak sante; (4) raple w pou egzamen vizyon anyèl ouwa lòt egzamen; (5) fè rekòmandasyon pou tretman altènativ posib ki ta ka enterese w; (6) fè w konnen sou lòt lokal kote w ka ranpli pwodui preskripsyon yo; (7) raple w randevou klinik ou; (8) founi w enfòmasyon ki gen rapò ak randevou klinik ou a; epi/oswa founi w sèvis jesyon famakoterapi. **5. Moun ki Patipise nan Swen oubyen Peman pou Swen w.** Nou ka divilge PHI w la bay yon manm fanmi w oubyen yon zanmi w k ap patipise nan swen medikal oubyen nan peman pou swen w, depi w dakò ak divilgasyon sa a oubyen nou ba w opòtinite pou w fè konnen ou pa dakò ak divilgasyon an. Si w pa disponib oubyen ou pa kapab fè konnen ou pa dakò, nou pral itilize pi bon jijman nou pou n deside si divilgasyon sa a nan pi bon enterè ou. **6. Jan Lalwa Egzijje 1.** Nou pral divilge PHI w la lè lalwa federal, leta, oubyen lokal egzije nou fè sa. **7. Pou Evite yon Danje Grav sou Sante oubyen Sekirite.** Nou ka itilize epi divilge PHI w la lè li nesese pou evite yon danje grav sou sante ak sekirite oubyen pou sante ak sekirite piblik la oubyen yon lòt moun. Nou ka divilge PHI w la pou aktivite sante piblik, tankou aktivite ki gen pou objektif prevansyon oubyen kontwòl maladi, prevansyon blesi, fè rapò sou reyaksyon a medikaman oubyen pwoblèm ak pwodui yo, retire pwodui sou mache a, epi fè rapò sou abi ouwa neglijans sou timoun, moun ajè ak adilt ki depanndan. Nenpòt divilgasyon k ap fèt, sepandan, ap fèt sèlman bay yon moun ki ka ede anpeche danje a. **8. Pou Aktivite Sivevansyon sou Zafè Sante.** Nou ka divilge PHI w la bay yon ajans sivevansyon sou zafè sante pou aktivite ke lalwa otorize. Aktivite sivevansyon sa yo, ki nesese pou gouvènman an ka kontwòl sistèm swen sante a, gen ladnan odit, envestigasyon, enspeksyon ak obtansyon lisans. **9. Pou Pwosè ak Litij.** Si w enplike nan yon pwosè ouwa litij, nou ka divilge PHI w la pou reponn yon lòd tribinal oubyen yon lòd administratif. Nou ka divilge PHI w la pou reponn a yon asiyasyon pou konparè, demann pou ankèt oubyen lòt pwosedir legal ke yon lòt moun ki enplike nan litij la soumèt, men sèlman si yo fè t efò pou avize w sou demann nan (ki ka gen ladnan yon avi alektri) oubyen pou rive gen yon lòd ki pwoteje enfòmasyon y ap mande a. **10. Pou Fonksyon Gouvènmanantal Espesyalize.** Nou kapab divilge PHI w la: (1) si w se yon manm fòs lame, jan otorite kòmman militè egzije li; (2) si w se yon prizonyè oubyen w se yon detni, bay yon etabliaman penitansiyè oubyen ofisye ki ranfòse lalwa; (3) an repons a yon demann lapolis, nan sèten kondisyon; (4) pou rezon sekirite nasyonal jan lalwa otorize li; (5) bay ofisye federal otorize pou pwoteje Prezidan an, lòt moun ki otorize oubyen chèf dete etranje. **11. Pou Dedomajman Travay.** Nou ka divilge PHI w la pou dedomajman travay oubyen pwogram sanblab. **12. Pou Don Ogan ak Tisi.** Nou ka divilge PHI w la pou bay oganizasyon ki enplike nan pwoteksyon ogan oubyen oganizasyon sanblab pou don oubyen grèf. **13. Pou Doktè Lejis ak Direktè Finerè.** Lè w mouri, nou ka divilge PHI w la bay yon direktè antrepriz finerè, doktè leis, oswa egzaminatè medikal, ki konfòm ak lwa ki aplikab la pou pèmèt yo fè travay yo. **14. Pou Reprèzantan Pèsonèl.** Nou ka divilge PHI w la bay yon moun ki otorize legalman pou li aji pou ou, tankou yon paran, responsab legal, administratè oubyen egzekitif testaman w, oubyen lòt moun ki otorize selon lwa ki aplikab la. **15. Pou Komèsyalizasyon.** Avèk otorizasyon w, nou ka itilize oubyen divilge PHI w la bay ajan tyès pati nou yo, reprèzantan, founisè sèvis ak/oswa kontraktè pou n ofri w komunikasyon komèsyalizasyon ki sible. **16. Pou Lavant PHI.** Nou ka divilge PHI w la bay okenn lòt moun anechejan pou peman dirèk oswa endirèk amwenske jandè divilgasyon sa a fèt bay yon lòt antite ki koufri pou rezon tretman oubyen peman, oubyen jan lalwa leta oubyen federal otorize l oubyen egzije l. Nan ka sa yo, peman nou ka resevwa pou divilgasyon sa yo pa dwe depase depans rezonab nou yo pou preparasyon oubyen transmisyon PHI a. **17. Pou Asove Komèsyal.** Nou ka pataje PHI w la ak sèten asosye komèsyal ki ba nou sèvis. Nou ka divilge PHI w la bay yon asosye komèsyal pou asosye komèsyal la kapab fè travay nou mande l fè a epi faktire ou oubyen tyès pati w la ki responsab pou peman sèvis yo ofri yo. Lalwa federal egzije pou nou rantrè nan kontra ak asosye komèsyal pou sekirize PHI w la jan lalwa epi Walmart ak Sam's Club egzije li. **18. Pou Rezon Rechèch.** Nou ka pataje PHI w la pou rezon rechèch kote sèl peman antite ki koufri a oubyen asosye komèsyal la resevwa se yon fè rezonab base sou depans pou koufri depans pou prepare epi transmèt PHI a pou rezon sa yo. **19. Pou Prèv Vaksinasyon.** Nou ka divilge dosye vaksinasyon yo bay yon lekòl sou yon timoun ki se yon elèv oubyen elèv potansyèl nan lekòl la, jan lalwa leta oubyen lòt lwa egzije l, si paran/responsab legal la, minè emansipe a oubyen lòt moun otorize li, depi sa aplikab. **20. Divilgasyon Aksidantèl nan Gichè Chofè pou Famasi a.** Nan sèten magazen oswa kibou nou ofri yon gichè chofè pou famasi. Yon moun ki ozanviwon oubyen ki toupre famasi a ka tandè yon konvèsasyon w genyen ak famasi a. Si w ta renmen plis konfidansyalite, nou sigire pou w fè nenpòt tranzaksyon famasi anedan magazen an oubyen kibou la. **21. Limitasyon sou Utilizasyon ak Divilgasyon Enfòmasyon sou Sante w.** Aleksepsyon de sa ki dekri nan Avi sila a, nou pap itilize oubyen divilge PHI w la san otorizasyon w. Si w bannou otorizasyon pou nou itilize oubyen divilge PHI w la, ou ka anile otorizasyon w nan alektri nenpòt lè. Si ou anile otorizasyon w nan, sa pral sispann tout itilizasyon oubyen divilgasyon pou rezon ki koufri nan otorizasyon w nan, eksepte nan ka kote nou deja pran mezi bazè sou pènisyon w. Se pou nou respektè tou nenpòt lwa leta ki pi estrikt pase règleman federal HIPAA yo. Nan ka kote genyen yon fay nan sekirite ki gen rapò ak PHI w la, y ap ba w yon avi. Enfòmasyon sou lwa sa yo disponib nan www.walmart.com, www.samsclub.com oubyen depi w mande nan magazen lokal oubyen kibou a.

Ou Genyen Dwa Suivan yo Parapò ak Enfòmasyon Pwoteje sou Sante w ke Nou Kenbe nan Dosye Nou yo

1. Ou ka mande yo mete restriksyon sou itilizasyon oswa divilgasyon PHI w la pou tretman, peman oubyen operasyon ki anrapò ak swen sante, oubyen lè y ap itilize oubyen divilge PHI w la bay yon moun ki patipise nan swen ouwa nan peman pou swen w, tankou yon manm fanmi w oubyen zanmi. Nou pa oblije dakò ak demann ou fè a. Si nou dakò, n ap respektè demann ou a eksepte nan sèten sityasyon dijans oubyen jan lalwa egzije l. **2.** Ou ka mande restriksyon sou sèten divilgasyon PHI w la bay plan sante w la pou yo kapab efèkteyèman peman oubyen operasyon ki anrapò ak swen sante pou sèvis yo peye okonplè (peman dirèk). **3.** Ou ka enspekte epi resevwa yon kopi sou papye oubyen elektwonik dosye medikal ou yo, si yo ka pwodui yo fasilmant. Dabitid, sa enklid ladan preskripsyon ak dosye faktirasyon. Nou ka faktire w pou depans ki pou fèt parapò a demann ou fè a. Nou ka refize demann ou a, nan ka sa a, ou ka mande pou yo revwa refi a. **4.** Ou ka mande pou nou amande PHI w la si li pa kòrèk oubyen si li pa konplè. Se pou w founi yon rezon ki sipòte demann ou fè a. Nou ka refize demann ou a si PHI a kòrèk epi konplè, oubyen si li pa fè patidè PHI Walmart oubyen Sam's Club kenbe a. Si nou refize demann ou fè a, se dwa w pou w soumèt yon deklarasyon dezakò sou nenpòt enfòmasyon nan dosye w la se w kwè ki pa konplè oubyen ki pa kòrèk. Demann ou a pral vin fè patidè dosye medikal ou. Nou pral mete li nan dosye w epi n ap enklid li lè nou divilge enfòmasyon an oswa deklarasyon ke w panse ki pa konplè oubyen ki pa kòrèk la. **5.** Ou kapab mande yon rapò sou enfòmasyon PHI w la ke yo divilge. Se yon lis enfòmasyon yo divilge sou enfòmasyon sou sante w, ki pat pou tretman, peman oubyen operasyon ki anrapò ak swen sante, epi lòt eksepsyon lalwa pèmèt. Se pou demann ou a prezize yon peryòd espesifik, ki pa dwe pi long pase sizan epi li paka enklid dat anvan 14 avril 2003. **6.** Ou ka mande pou nou kontakte w yon fason espesifik oubyen nan yon kote espesifik. Paregzanp, ou ka mande pou nou kontakte w sèlman nan travay oubyen nan yon diferan kay oubyen nan yon bwat postal. Se pou demann alektri w la kominiye kijan oubyen ki kote ou ta renmen nou kontakte w. N ap akòde tout demann ki rezonab. Si w ta renmen egzèsè nenpòt dwa sila yo, kontakte etabliyman Walmart oswa Sam's Club ki te ba w sèvis ou yo pou w jwenn fòmèl apwopriye a, oubyen soumèt yon demann alektri bay HIPAA Compliance, Wal-Mart Stores, Inc., 702 SW 8th Street, Mailstop #0230, Bentonville, AR. 72716-0230. Ou ka jwenn yon kopi papye Avi sila a nan Walmart, Sam's Club, oswa Neighborhood Market dèke w mande sa, oubyen sou entènèt la nan www.walmart.com oswa www.samsclub.com.

Chanjman nan Avi sou Pratik Konfidansyalite Vi Prive sa a

Nou rezève dwa pou nou chanje Avi sila a. Nou rezève dwa pou nou aplike Avi revize oubyen ki chanje a pou PHI ke nou deja genyen sou ou epi nenpòt enfòmasyon ke nou resevwa alavni. N ap afiche yon kopi Avi aktyèl la. Si nou chanje Avi nou an, ou ka jwenn yon kopi Avi revize a sou sit entènèt nou an nan www.walmart.com oswa www.samsclub.com, oubyen dèke w mande li.

Pou Plis Enfòmasyon oubyen pou Rapòte yon Pwoblèm

Si w genyen kesyon sou Avi sila a, kontakte HIPAA Compliance, Wal-Mart Stores Inc., 702 SW 8th St, Mailstop #0230, Bentonville, AR. 72716-0230 oubyen telefòn nan (800) WAL-MART. Si w panse yo vyole dwa sou konfidansyalite vi prive w yo, ou ka soumèt yon plent alektri, epi pap genyen okenn reprezay pou sa, bay Ofisye ki Responsab Konfòmite HIPAA pou Sante ak Byennèt la nan adrès ki make pi wo a, oubyen bay Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal, Biwo pou Dwa Sivil.

II. DEKLARASYON DWA PASYAN AN

Responsabilite Pwofesyonèl Swen an: 1. Se pou w byen enfòmè avlans sou swen/sèvis yo pral founi yo, ikonpri domèn ki founi swen yo epi kantite vizit yo, tankou tou nenpòt modifikasyon nan plan swen an; 2. Patipise nan devlopman ak revizyon peryodik plan swen an; 3. Refize swen oubyen tretman apre yo fin prezante tout konsekans ki enplike si w refize swen oubyen tretman; 4. Rete enfòmè, vèbalman e alektri, anvan yo ba w swen, anvan yo faktire w, sa enklid peman pou swen/sèvis nan men tyès pati epi nenpòt frè pou ki kliyan/pasyan an ap responsab; 5. Se pou yo trete pwopriyete ak moun avèk respè, konsiderasyon epi rekonesans diyete ak endividalite pasyan/kliyan; 6. Se pou yo kapab idantifye manm pèsonèl ki anvizit atravè idantifikasyon apwopriye; 7. Pa sibi move tretman, neglijans, oubyen abi vèbal, mantal, seksyèl ak fizik, ikonpri domaj ki soti nan sous ki enkonni, ak detounman pwopriyete kliyan/pasyan; 8. Siyale doleyans/plent sou tretman oubyen swen, mank respè pou pwopriyete oswa rekòmande chanjman nan politik, pèsonèl oswa swen/sèvis san restriksyon, entèferans, kontrent, diskriminasyon oubyen reprezay; 9. Pou mennen envestigasyon sou doleyans/plent sou tretman oubyen swen ke yo bay (oubyen ke yo pa bay) oswa mank respè pou pwopriyete; 10. Chwazi yon pwofesyonèl swen sante, ikonpri chwazi yon doktè tretan; 11. Konfidansyalite ak pwoteksyon vi prive pou tout enfòmasyon ki nan dosye kliyan/pasyan an ak Enfòmasyon Pwoteje sou Sante; 12. Rete enfòmè sou politik ak pwosedi ajans lan sou divilgasyon dosye klinik yo; 13. Resevwa swen apwopriye san diskriminasyon konfòmman ak odonans doktè oubyen pwofesyonèl swen yo; Rete enfòmè sou nenpòt avantaj finansyèl yo referè w bay yon oganizasyon; 15. Rete totalman enfòmè sou responsabilite w; 16. Resevwa enfòmasyon sou kad sèvis oganizasyon an ap founi ak limitasyon espesifik sou sèvis sa yo.

Responsabilite Pasyan an: 1. Pou founi enfòmasyon ki konplè e ki kòrèk sou sante aktyèl ou, medikaman, alèji, elatriye, lè li apwopriye pou swen/sèvis ou yo; 2. Pou w patipise, lè li nesese e selon kapasite w, nan devlope, antreprann oubyen modifiye plan sèvis swen adomisil ou a, tankou netwayaj ak konsèvasyon ekipman ak materyèl ou yo kòmadsava; 3. Byen netwaye epi kenbe ekipman ak materyèl yo; 4. Pou kontakte nou si w gen nenpòt kesyon oubyen pwoblèm sou ekipman w, materyèl oubyen sèvis; 5. Pou w avize doktè tretan w nan oubyen pwofesyonèl swen w nan lè w santi w malad; 6. Pou w avize nou nan yon chanje rezidans kote w rete oubyen nimewo telefòn ou; 7. Pou w avize nou lè w gen nenpòt pwoblèm ak ekipman oubyen sèvis; 8. Pou w avize nou si doktè w la oubyen lòt pwofesyonèl swen modifiye oubyen sispann preskripsyon w nan; Pou w avize nou sou refi ak/oswa restriksyon sou politik konfidansyalite vi prive nou an.

III. Enketyid Kliyan yo: Ou Ka Kontakte Nou nan (800) WAL-MART. Sou senk jou apre n resevwa yon plent y ap kontakte w nan telefòn, pa imèl, pa faks oubyen pa lèt pou fè w konnen nou resevwa plent ou a. Sou 14 jou kalandriye nan pral avize w alektri sou rezilta demann ou a ak rezolisyon an. Ou ka rele nan (800) WAL-MART si w genyen yon enketyid sou fwòd ak abi oubyen nenpòt tretman oubyen sèvis oganizasyon nou an bay oubyen ou ka kontakte Komisyon Akreditasyon pou Swen Sante (Accreditation Commission for Health Care, ACHC) nan (919) 785-1214 oubyen (855) 937-2242 si yo pa rezoud plent ou a. Ou kapab rele Biwo Enspektè Jeneral la tou nan 1-(800) 447-8477.

IV. Estanda pou Founisè DMEPOS Medicare. Pwodui ak/oswa sèvis Wal-Mart Stores, Inc. founi w yo, depann de estanda pou founisè yo ki nan règleman Federal ki detaye nan Kòd 42 Règleman Federal Seksyon 424.57(c). Estanda sa yo fèt pou komèsan ak kesyon operasyonèl (paregzanp onore garanti ak orè fonksyònman). Tèks konplè sou estanda sila yo disponib nan www.ecfr.gov. Dèke w ta mande sa, n ap founi w yon kopi estanda yo alektri.

V. Enfòmasyon sou Garanti. Tout pwodui ke konpayi nou an vann oubyen lwe genyen ennan garanti fabrikann sou li. Nou pral avize tout benefisyè Medicare yo sou kouvèti garanti a, onore tout garanti yo selon lwa ki aplikab la, repare oubyen ranplase, gratis, ekipman Medicare ki koufri anba garanti. Anplis, y ap founi benefisyè yo ak yon manyèl pwopriyete ki gen enfòmasyon sou garanti pou tout ekipman medikal dirab dèke manyèl sa a disponib.